



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA ADAMS, INISYATIV CHAN ZUCKERBERG
ANONSE APEPRÈ 300 MILYON DOLA POU NOUVO SANT RECHÈCH
BYOMEDIKAL NAN VIL NEW YORK**

***Nouvo sant rechèch la reyini ansanm enstitisyon premye plan pou konsevwa selil
iminitè pou prevansyon, deteksyon, ak tretman maladi bonè***

***Vil New York ak Eta New York State ap kontribye a 10 milyon dola yo chak nan
nouvo etablisman an***

Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Vil New York la Eric Adams, ak Inisyativ Chan Zuckerberg te anonse jodi a plan pou [Chan Zuckerberg Biohub New York](#), yon sant rechèch byomedikal nan Vil New York k ap eksplwate apeprè 300 milyon dola investisman piblik-prive pou pouse kolaborasyon ant enstitisyon rechèch premye plan yo epi rezoud defi syantifik ki enpòtan. CZ Biohub NY ap reyini ansanm ekspè nan Columbia University, Rockefeller University, ak Yale University pou konsantre sou prevansyon, deteksyon, ak tretman maladi bonè — patikilyèman pou kansè nan ovè ak pankreya ak maladi newo-jenerativ tankou Parkinson ak Alzheimer — epi pwopilse sektè syans lavi Vil New York k ap pwospere a antanke yon gwo kreyatè travay ak motè ekonomik nan Vil New York.

“Avèk yon fakilte klas mondyal, rechèch dènye kri, ak yon modèl pou inovasyon ki teste, Chan Zuckerberg Biohub ap ede nou kontinye konstui avni medsin nan New York,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Nouvo Biohub sa ap ouvri yon mond posibilite pou prevansyon, deteksyon ak tretman maladi bonè, epi gras ak investisman sa ak patenarya nou ak Majistra Adams ak Inisyativ Chan Zuckerberg la, eta nou an yon pa pi pre pwochen gwo pèse a.”

Inisyativ Chan Zuckerberg la ap investi 250 milyon dola nan nouvo sant lan. Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation, NYCEDC) ak Empire State Development (ESD) ap kontribye 10 milyon dola yo chak. Zòn metwo Vil New York City la se [sant syans lavi rejyonal ki se lidè](#) nan peyi a, avèk apeprè 150,000 djòb ak 5,100 biznis ki te jenere plis pase 23 milya dola nan salè ane pase.

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Divèsite san parèy Vil New York la, ekosistèm inovasyon k ap pwospere a, ak enstitisyon rechèch klas mondyal yo te fè nou yon sipè-pwisans nan syans lavi. Epi patenarya solid ant gouvènman vil la, gouvènman eta a, ak sektè prive a, ak inivèsite premye plan yo te fè nou nimewo en nan peyi a. Gras ak efò konjwen apeprè 300 milyon dola avèk Inisyativ Chan Zuckerberg la, Gouvènè Hochul, ak twa enstitisyon akademik wo nivo, Chan Zuckerberg Biohub New York ap brize baryè byo-medikal — pandan Vil New York ap kontinye fè pati pa li pou favorize yon mon ki pi an sante."

Ko-Fondatè ak Ko-PDG CZI, Priscilla Chan te deklare, "Nou kontan anpil pou lanse Biohub New York la, k ap konsantre pou itilizasyon sistèm iminitè nou pou detekte, prevni, epi finalman trete maladi yo anvan yo avanse. Kounye a, yo souvan dyagnostike maladi tankou kansè ak Parkinson epre aparisyon sentòm ki evidan, ki rann li pi difisil oswa menm enposib pou trete. Pou chanje sa, chèchè ak enjenyè nan Biohub New York la ap maniganse selil iminitè yo pou repere, epi repare domaj nan selil nou yo anvan sa mennen nan maladi grav. Lè nou rezoud defi anbisyè tankou idantifye maladi yo pi bonè lè opsyon pou tretman nou yo nètman pi bon, sa etale travay nou atravè Rezo Biohub la, epi nou kontan pou kontinye leve modèl rechèch kolaboratif sa avèk Biohub New York la."

CZ Biohub NY se katriyèm epi se enstiti rechèch pi nouvo nan [Rezo Biohub Chan Zuckerberg](#) la, yon modèl kolaboratif pou rechèch syantifik. Rezo a genyen ladan l premye CZ Biohub, nan [San Francisco](#), yon dezyèm nan [Chicago](#), ak [Enstiti pou Imajri Byolojik Avanse Chan Zuckerberg \(Chan Zuckerberg Institute for Advanced Biological Imaging\)](#) nan Vil Redwood, California.

CZ Biohub NY la ki dirije pa Pwofesè Andrea Califano nan Columbia University, ap konsantre sou kreyasyon nouvel teknoloji pou karakterize manipilasyon selil iminitè yo avèk objektif pou kreye "andoskòp selil" ki presi pou maladi a ki ka detekte estad maladi nan selil yo bonè, kontwole chanjman selil yo, epi rezoud maladi yo anvan yo vin entretab. Sant lan ap aplike apwoch nouvo, ki oryante sou teknoloji sa yo pou kansè ki mal pou detekte tankou kansè nan ovè, ak pankreya, ak maladi newo-dejenerativ yo, ki enkli Parkinson ak Alzheimer. Pwochen etap la se pou fòme selil iminitè yo pi plis pou fè reparasyon sible, tankou fè pwomosyon enflamasyon nan yon sit ki gen timè pou aktive yon repons iminitè ki solid.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Chwa New York antanke pwochen CZ Biohub la demontre ke investisman ki sible nan syans lavi sou lidèchip Gouvènè Hochul la ap fonksyone. Lè nou fè pati Rezo CZ Biohub la, sa ap kreye opòtinite ki enkwayab pou kominote rechèch New York la epi l ap genyen efè antrènman nan eta a, k ap semante New York pi plis antanke yon motè ekonomik ak yon destinasyon mondyal pou tradiksyon ak inovasyon nan syans lavi."

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Majistra Adams pou angajman san fay yo pou

investisman ki ranfòse avni medsin lan epi amelyore sante piblik atravè eta a. Nouvo biohum modèn sa nan New York ap ogmante kapasite nou nan prevansyon, deteksyon, ak tretman maladi bonè.”

Senatè Eta, Toby Stavisky, te deklare, "Mwen kontan ke Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te sekirize finansman sa ki soti nan Inisyativ Chan Zuckerberg a. Mwen te ekspriye enpòtans pou kreye patenarya piblik/privè depi lontan pou favorize kreyasyon travay epi pote investisman nan New York. Don jenere pou demaraj CZI la pou kreye yon sant byo se yon rekonesans tou de inivèsite fenomenal ke nou genyen nan Eta nou an. Mwen pa ka tann pou kontinye travay ak Gouvènè a ak Majistra a alafwa, pou envesti nan sistèm edikasyon siperyè nou an.”

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Avèk plis pase 17 nouvo konpayi syans lavi ki rele Eta New York lakay yo pandan ane ki pase yo, nou kontinye yon lidè nasyonal ak yon enkatè pou domèn syans lavi a soti Vil New York rive Albany. Nouvo sant rechèch nan syans lavi byomedikal nou an, CZ Biohub NY, ap konsantre sou prevansyon, deteksyon, ak tretman maladi—k ap sove lavi epi pwodui pèsè medikal inovan nan dire lavi nou. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Majistra Adams, ak Inisyativ Chan Zuckerberg pou angajman yo pou devlope sektè syans lavi New York la ak patenarya konbine yo sou sant rechèch sa, k ap finalman bay rezilta pou Nouyòkè ak Ameriken yo nan ane k ap vini yo."

Ko-Fondatè ak Ko-PDG CZI, Mark Chan te deklare, "Gran kesyon syantifik ke save sa yo pral chèche se sou jeni selilè — pou maniganse selil iminitè yo pou detekte maladi presi epi apre kode konstitisyon molekil yo evantyèlman, pou savan yo ka itilize sa kòm yon dyagnostik epi evantyèlman, yo ka manipile selil yo pou ale nan yon plas yon maladi epi ede trete li. Objektif iltim lan se pa pou chèche yon maladi presi – se pou kreye yon nouvo zouti oswa platfòm ke tout syantifik ka itilize pou etidye epi fè plis avanse presi."

CZ Biohub apiye efò nan tout eta a pou devlope epi modènize sektè a atravè Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola New York la. Ane pase, Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te revele plan pou [SPARC Kips Bay](#), yon sant travay ak edikasyon ki se premye nan domèn li, pou inovasyon nan sante ak syans lavi, nan Kot Lès Manhattan. Gouvènè Hochul te devwale tou transfòmasyon 700 milyon dola ansyen sit Patisri Taystee a nan West Harlem an Imèb Laboratwa Taystee, yon imèb klas A, ki sètifye LEED ki konstui espesyalman pou konpayi syans lavi yo. Anplis, nan kòmansman ane sa, gouvènè a te [anonse](#) ekspansyon 7.6 milyon dola Schrödinger, Inc., ke platfòm enfòmatrik ki baze sou fizik la ap transfòme fason yo dekouvri terapi ak materyèl yo, nan Bilding Laboratwa Taystee a, k ap kreye omwen 80 nouvo djòb. Nan mwa mas la, gouvènè a te anonse plan pou yon "Lab of the Future (Laboratwa lavni)" ki koute 50 milyon dola nan Midtown Manhattan k ap repoze sou otomatizasyon, entèlijans atifisyèl, ak aprantisaj otomatik pou fè pwosesis dekouvèt medikaman prelinik pi rapid, ki plis baze sou done epi pi rantab.

Vil New York se yon sant rechèch syans lavi k ap devlope, avèk nèf gwo sant rechèch ak plis pase 100 sant rechèch antou, plis pase 50 lopital, yon mendèv talantye epi divèsifye, ak konpayi ki se lidè sektè a. Atravè [LifeSci NYC](#), inisyativ 1 milya dola NYCEDC, Vil New York sou pwen pou kreye 1,000 konpayi ak 40,000 djòb, debloke 10 milyon pye kare imobilye nan laboratwa sèk ak imid, epi jenere plizyè milya dola nan enpak ekonomik sou 15 pwochen ane yo. Depi li te antre an Majistra Adams te envesti 27 milyon dola pou [nouvo etablisman syans lavi yo](#) pou Inivèsite Vil New York (City College of New York) ak Sistèm Sante Mon Sinayi (Mount Sinai Health System), ki konsakre 20 milyon dola pou yon nouvo [sant pou byoteknoloji ki akse sou devlopman dirab](#) nan Chantye Naval Brooklyn lan, epi ki sipòte ouvèti Enstiti Politeknik Rensselaer (Rensselaer Polytechnic Institute) ak Lekòl Medsin Icahn (Icahn School of Medicine) nan [Sant pou Enjenyeri ak Medsin Presizyon \(Center for Engineering and Precision Medicine\)](#) Mon Sinayi a nan Kot Lwès Manhattan. Envestisman nan syans lavi yo te yon rekòmandasyon kle ke panèl “New’ New York (Nouvo New York la” ke Gouvènè Hochul ak Majistra Adams te konvoke [nan kòmansman ane sa](#) pou fè Vil New York meyè kote pou travay epi sèvi kòm yon fèydewout pou avni vil la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)